

## Dongeng ing Rubrik *Crita Taman Putra Jaya Baya* 2012 lan Pasinaone Sastra

Meyra Hartantika

Pendidikan Bahasa Daerah, FBS, UNESA (Meyra\_hartantika@yahoo.co.id)

### Abstrak

Dongeng sajroning rubrik *Crita Taman Putra* (CTP) ing Jaya Baya taun 2012 iki nduweni piguna tumrap pasinaon lan pangrembakan kajiwane bocah. Dongeng nduweni jinis sing maneka warna sarta karakteristik sing beda kalawan reription sastra liyane. Unsur-unsur sing kinandhut sajroning dongeng ngemu nilai-nilai kautaman, saengga dongeng laras digunakake minangka wacan lan bahan pasinaon mligine tumrap bocah. Panliten iki bakal ngonceki bab sing gegayutan karo dongeng nggunakake tintingan struktural dinamik sing kajangkepi hermeneutik sarta pasinaon sastra. Undering panliten iki yaiku: (1) apa wae jinis-jinise dongeng sajrone rubrik CTP Jaya Baya taun 2012? (2) kepriye karakteristik dongeng sajrone rubrik CTP Jaya Baya taun 2012? (3) nilai apa wae kang kinandhut sajroning dongeng ing rubrik CTP Jaya Baya taun 2012? (4) kepriye pangetrape dongeng sajroning rubrik CTP Jaya Baya taun 2012 minangka bahan pasinaon sastra? Ancasing panliten iki yaiku: (1) nemokake jinis dongeng sajrone rubrik CTP Jaya Baya taun 2012, (2) nemokake karakteristik dongeng sajrone rubrik CTP Jaya Baya taun 2012, (3) nemokake nilai apa wae kang kinandhut sajroning dongeng ing rubrik CTP Jaya Baya taun 2012, lan (4) nemokake trep lan orane dongeng sajroning rubrik CTP Jaya Baya taun 2012 minangka bahan pasinaon sastra.

Metode sing digunakake sajrone panliten yaiku metode deskriptif kualitatif. Sumber data arupa dongeng ing rubrik CTP Jaya Baya taun 2012. Data panliten iki awujud tembung, frasa utawa ukara kang gegayutan karo objek panliten. Instrumen panliten yaiku panliti dhewe. Tata cara pangumpulan data yaiku kanthi metodhe kapustakan. Tata cara ngolah data yaiku nggunakake metodhe analisis isi kanthi tintingan struktural dinamik lan hermeneutik.

Asil panliten iki diperang dadi papat. Kapisan, jinising dongeng sajroning rubrik CTP Jaya Baya taun 2012 ana papat, yaiku yaiku dongeng sato kewan, legendha, dongeng lelucon lan dongeng biasa. Kapindho, karakteristik dongeng rubrik CTP Jaya Baya taun 2012 ana papat, yaiku 1) Tema dongeng umume gegayutan karo masalah bebrayan. Amanat dongeng akeh-akehe yaiku memulang tumindak becik marang pamaca. 2) Sakabehe dongeng nduweni alur lurus utawa maju. 3) Paraga sajroning dongeng umume kewan lan manungsa. 4) Latar carita sajroning dongeng diandharake kanthi prasaja, lan gegambaran ngenani latar diwatesi dadi panggonan lan wektu. Katelu, nilai-nilai kautaman sajroning dongeng rubrik CTP Jaya Baya taun 2012 diwedharake lumantar pesen moral sing kagolongake dadi 3, yaiku: 1) piwulang kautaman sing gegayutan karo Pangeran, 2) piwulang kautaman sing gagayutan karo uripng bebrayan lan jagad gumelar, lan 3) piwulang kautaman sing gegayutan karo diri pribadi. Kaping papat, yaiku dongeng bisa digunakake minangka bahan pasinaon sastra, mligine kanggo siswa SMP lumantar standar kompetensi maca, micara, ngrungokake, apadene nulis, adhedhasar kurikulum tingkat satuan pendidikan.

### Tembung wigati: dongeng, pasinaon, sastra bocah

#### A. PURWAKA

Reriptaning sastra Jawa nduweni corak sing maneka warna, kayata serat, tembang, guritan, novel, lan cerkak. Kabeh reriptan sastra kasebut diajab nduweni piguna tumrap pamacane. Mula saka iku, pangripta bakal mbedakake saben-saben reriptione supaya bisa digunakake miturut butuhe pamaca. Ana sing kanggo ndhidhik utawa nggulawentah bebrayan agung, wanita, nganti kanggo nggulawentah bocah.

Reriptan sastra sing dianggit kanggo bocah banjur karan wacan bocah. Salah sijine perangan saka wacan bocah kang ngemu nilai kautaman yaiku dongeng. Dongeng mujudake crita rekan kang ora ana

kasunyatane, jalaran asipat fiksi. Sajroning dongeng tinemu paraga, wewatekane paraga, alur, latar, lan unsur carita liyane, kalebu pesen utawa amanat. Saliyane iku pamaca bisa nemokake bab-bab sing ora lumrah, kayata tokoh ajaib lan kewan kang bisa ngomong kaya dene manungsa. Babagan kasebut kang mbedakake dedongengan kalawan reription sastra liyane. Mula saka kuwi, dongeng nduweni daya tarik luwihi-luwih tumrap bocah, awit laras kalawan jagating bocah sing lagi seneng ngumbar pangangen utawa imajinasi.

Dongeng kawitane diandharake turun-tumurun kanthi cara lisan. Dongeng-dongeng kasebut supaya ora ilang lan bisa didadekake minangka salah

sawijining kawruh prelu ditulis (Wildan, sakanca 2001:1). Babagan kasebut kang dadi dhasar panliten iki ditindakake. Nganti saiki wis akeh dongeng kang diwedharake kanthi cara tinulis, diklumpukake, lan didadekake buku. Babagan kasebut nduweni ancas kanggo njaga supaya dongeng ora muspra lan tetep bisa diwarisake lumantar media tulis. Saliyane iku dongeng uga bisa digunakake kango bahan tumrap pasinaon ing sekolah mligine kanggo pelajaran Basa Jawa.

Dongeng karipta ora amung kanggo menehi panglipur, nanging sejatine kang luwih onja sajroning dongeng kasebut kinandhut nilai-nilai becik kang migunani. Nilai-nilai kautaman kasebut bisa ditampa lan laras kanggo patuladhan tumrap bocah. Mula saka iku, perlu ditindakake panliten kang becik awit saka anane bab-bab sing narik kawigaten sajroning wacan bocah utawa sastra kanggo bocah, mligine dongeng. Babagan iku uga adhedhasar anane sastra kanggo bocah kang uga diwulangake sajroning pendhidhikan.

Kaya kang wus kawuningan, bocah-bocah bisa antuk carita dongeng saka ngendi wae, salah sijine yaiku saka kalawarti. Kalawarti Jawa kang ngemot carita dongeng salah sijine yaiku Jaya Baya. Sajroning kalawarti Jaya Baya carita dongeng kapacak ing rubrik “Crita Taman Putra”. Sakabehane carita dongeng kang kapacak ing kalawarti kasebut sakabehe ngandhut piwulang kang becik tumrap bocah.

Lumantar gegambaran kang kinandhut sajroning dongeng minangka wacan bocah mau, kalebu pigunane tumrap pasinaon basa Jawa, dongeng kasil nuduhake nduweni bab-bab sing narik kawigaten lan penting kanggo ditliti.

Kanggo mujudake panliten iki, dipilih irah-irahan *Dongeng ing Rubrik Crita Taman Putra Jaya Baya 2012 lan Pasinaone Sastra*. Ing panliten iki dijupuk obyek carita dongeng kang kapacak ing kalawarti Jaya Baya rubrik Crita Taman Putra kang sabanjure dicekak CTP. Dongeng-dongeng kasebut kaserat dening pangripta kang beda-beda. Jinise dongeng sajroning rubrik CTP uga maneka warna. Dongeng kang kapacak ing rubrik CTP sajroning kalawarti Jaya Baya taun 2012 dipilih amarga dongeng-dongeng sajroning rubrik iki nduweni kaluwihan arupa piwulang-piwulang kang kinandhut ing sajerone. Panliten iki ditindakake ing taun 2013 saengga dhata kang digunakake yaiku dhata kang paling anyar yaiku taun 2012. Kanggo nintingi obyek kasebut dibutuhake tintingan kang trep. Tintingan kang trep lan cundhuk sajroning panliten iki yaiku tintingan struktural dinamik, kang wose nintingi dedongengan mau kawiwitana saka unsur-unsur caritané.

Kantri dhasar sing wis diandharake mau, undering panliten iki yaiku:

- (1) Apa wae jinis-jinise dongeng sajrone rubrik CTP kalawarti Jaya Baya taun 2012?
- (2) Kepriye karakteristik dongeng sajrone rubrik CTP kalawarti Jaya Baya taun 2012?
- (3) Nilai apa wae kang kinandhut sajroning dongeng ing rubrik CTP kalawarti Jaya Baya taun 2012.
- (4) Kepriye pangetrape dongeng sajroning rubrik CTP kalawarti Jaya Baya taun 2012 minangka bahan pasinaon sastra?

## **B. METODHE**

Metode sing digunakake sajrone panliten yaiku metode deskriptif kualitatif. Sumber data arupa dongeng ing rubrik CTP Jaya Baya taun 2012. Data panliten iki awujud tembung, frasa utawa ukara saka dongeng ing rubrik CTP cacah limalas taun 2012. Instrumen panliten yaiku panliti dhewe. Tata cara pangumpulan data yaiku kantri metodhe kapustakan. Tata cara ngolah data yaiku nggunakake metodhe analisis isi kantri tintingan struktural dinamik lan hermeneutik.

Tata cara analisis data sing ditindakake sajrone panliten iki yaiku 1) maca kantri temenan kanggo mangertené isi lan makna data kasebut. Saka teks dongeng ditindakake kagiyatan maca, becik makna sing sinurat apadene sing sumirat, 2) nliti maneh data kang wis dimangertené, kegiyatán nliti data sing diselarasake kalawan teori struktural yaiku cundhuk lan orane tema, paraga, alur, lan amanat sing kabeh mau dikarepake minangka karakteristik saka dongeng, 3)

milah sarta nglompokake data miturut perangane. Perangan utawa jinis-jinise dongeng diklompokake adhedhasar teorine Danandjaya, yaiku dongeng sato kewan, dongeng biasa, dongeng berumus, lan carita lucu, 4) menehi tenger utawa kode-kode tumrap data. Tuladhane mangertené ukara sajroning wacan sing mujudake pesen kautaman lan cundhuk kalawan amanat saka dongeng kasebut. 5) nafsirake data kanggo ngasilake sawijining dhesripsi utawa andharan saka data kang wis dipikolehi.

## **C. ANDHARAN**

- 1. Jinis Dongeng Sajroning Rubrik CTP Jaya Baya Taun 2012**
  - a. Dongeng Sato Kewan**

Dongeng sato kewan mujudake dongeng sing paragane arupa kewan, bisa arupa kewan ingon-ingon lan kewan galak. Kewan-kewan sajroning dongeng iki bisa cecaturan lan nduweni akal kayadene manungsa.

## Dongeng ing Rubrik *Crita Taman Putra Jaya Baya* 2012 lan Pasinaone Sastra

Kewan-kewan mau uga dicritakake nduweni prekara kang diadhepi sajroning panguripane sarta anggone mungkasi prekara mau. Ing rubrik CTP taun 2012 iki, jinis sato kewan dicritakake ing nem irah-irahan, yaiku *Serik Tumindak Becik, Gajah lan Konang, Keduwung, Kelinci lan Kupu-kupu, Gagak lan Menco, sarta Kebo Ora Duwe Uteg*.

Minangka salah siji tuladhane, yaiku dongeng *Serik Tumindak Becik*. Dongeng kasebut kalebu jinis dongeng sato kewan (*animal tales*) yaiku dongeng sing paragane kewan lan isine nyritakake solah bawane kewan sing kaya manungsa. Dongeng iki kalebu dongeng sato kewan amarga kewan-kewan sajroning dongeng iki bisa cecaturan lan nduweni akal kayadene manungsa. Kewan-kewane bisa mikir, nduweni rasa pangrasa, sarta nggunakake basaning manungsa nalika sesambungan antarane kewan siji lan sijine kayata nalika Orang Utan ngandhani Kethek supaya dheweke ikhlas nulung Lutungakanake sing wis seminggu durung mangan kanthi menehake panganane.

### b. Legendha

Legendha mujudake sawijining carita kang ana kaitane karo asal usul. Bisa arupa mula bukane sawijining panggonan, sawijining jeneng, apadene samubarang. Sajroning rubrik CTP iki, legendha dicritakake ing rong irah-irahan yaiku dongeng *Mula Bukane Pitik Tukung lan Lele Reges* lan dongeng *Kopi, Susu, lan Teh*.

Minangka salah siji tuladhane, yaiku dongeng kanthi irahan-irahan *Kopi, Susu, Lan Teh*. Dongeng iki kalebu dongeng legendha amarga nyritakake asal-usul dumadine inuman kopi susu. Kopi susu sing kawitane ora sengaja digawe merga pokale tanggane sing jahat malah luwih disenengi dening wong-wong tinimbang kopi utawa susu biasa. Wiwit saka kuwi inuman kopi susu dadi kawentar tumeka saiki.

### c. Dongeng Lelucon

Dongeng lelucon utawa anekdot mujudake dongeng sing isine arupa guyongan utawa caritane asipat lucu supaya bisa nyenengake atine pamaca. Sajroning dongeng iki, paraga tartamtu akeh-akehe nandhang rasa gela. Ing rubrik CTP taun 2012 iki, jinis dongeng lelucon dicritakake sajroning telung irah-irahan, yaiku *Bakul Topi lan Kethek, Abu Nawas Sida Motong Kewan Kurban, lan Tukang Kayu*.

Minangka salah siji tuladhane, yaiku dongeng kanthi irah-irahan *Bakul Topi lan Kethek*. Dongeng iki kalebu jinis dongeng lelucon, yaiku dongeng sing isine guyongan supaya pamaca bisa nyenengake atine.

Saliyane iku, paraga tartamtu sajroning dongeng lelucon nduweni rasa gela. Tuladhane yaiku bakul topi sing sapolah-polahe ditiru dening kethek. Kethek-kethek sing lucu bisa nglipur pamaca, nanging paraga bakul topi nduweni rasa gela sajroning dongeng kasebut amarga saka kawitan nasibe tansah mesakake.

### d. Dongeng Biasa

Dongeng biasa mujudake dongeng sing paragane manungsa. Sajroning dongeng biasa iki, isine nyritakake kahanan urip bebrayan. Bisa arupa susah lan senenge urip bebrayan kasebut. Ing rubrik CTP taun 2012 iki, jinis dongeng biasa dicritakake sajroning patang irah-irahan, yaiku *Sedulur Pitu, Barad lan Sudir, Si Moli Ora Gelem Lunga lan Kembang Candra Kusuma*.

Minangka salah siji tuladhane, yaiku dongeng kanthi irah-irahan *Sedulur Pitu*. Dongeng iki kalebu dongeng biasa (*ordinary folktales*) amarga dongeng iki nyritakake susah senenge urip bebrayan sing sipate mung kango panglipur tumrap pamaca lan ora nduweni gegayutan karo apa wae.

## 2. Karakteristik Dongeng Sajroning Rubrik CTP Jaya Baya Taun 2012

Karakteristik mujudake sawijining titikane dongeng kango mbedakake dongeng kalawan carita fiksi liyane. Karakteristik dongeng ing rubrik CTP iki digoleki luwih dhisik kanthi mbabar struktur minangka pamangun dongeng kasebut.

### a. Tema lan Amanat Dongeng

Tema mujudake gagasan sing dadi lelandhesan sawijining carita. Sajroning dongeng, anane tema asipat wajib lan mesthi ana, awit dongeng minangka wacan bocah ora bisa nduweni pangaji tanpa anane tema ing sajerone. Tema sing dipilih dening pangripta nduweni gegayutan sing raket kalawan pesen utawa amanat sing pengin diandharake. Tema lan amanat sajroning dongeng bisa diandharake kanthi sinurat lan sumirat. Tema dongeng sajroning rubrik CTP iki sakabehane mujudake tema tradisional adhedhasar kautamane sing bisa diperang kaya mangkene:

#### 1) Memungsuhan Antarane Becik lan Ala

Memungsuhan antarane becik lan ala mujudake sawijining prekara kang ndadekake wutuh carita. Sajroning wolung dongeng ing rubrik CTP taun 2012 iki, tema mau diandharake kanthi maneka warna gagasan.

Tuladha kapisan yaiku dongeng kanthi irah-irahan *Serik Tumindak Becik*. Dongeng iki ngandharake tema *tumindak becik sing menang lumawan tumindak ala*.

Tema sajroning dongeng iki diandharake kanthi ora langsung (sumirat), lumantar cecaturane paraga. Sajroning dongeng iku diandharake ora langsung ngenani watek ala sing wekasane bisa diowahi lumantar kancane. Kethek sing kawitane cethil banjur bisa ikhlas weweh marang liyan sawise dituturi dening Orang Utan. Kaya pethikan iki:

“Tak kandhani ya Thek. Niyat tetulung kuwi sing ikhlas. Aja ngarep-arep piwales, senajan mung satembung matur nuwun. Nek ora ikhlas ki dadine ya lucu ngono kuwi. Wong tumindak becik kok serik. Gela. Getun. Lucu ta?”

“Nek ngono, yen aku dibeciki liyan ora perlu ngaturake panuwun?”

“Ya ora njur ngono ta Denmas Kethek! Genahe yen nampa kabecikan wajib ngaturake panuwun. Nanging yen aweh aja ngarep-arep piwales. Cekake, niyat tetulung ki aja kakehan pretung.” (JB, No.19/II Januari 2012, kaca 49)

Saka pethikan mau bisa didudut yen tema lan amanat diandharake kanthi sumirat. Diandharake sajroning pacelathon antarane Orang Utan lan Kethek sing ngrembug perkara tumindak becik. Saka cecaturan mau bisa uga dijupuk amanat dongeng kasebut. Amanate yaiku tumindak becik utawa becik iku kudu dilandhesi rasa sing ikhlas, ora oleh setengah-setengah.

Tuladha kapindho yaiku dongeng kanthi irah-irahan *Keduwung*. Tema dongeng iki yaiku *tumindak ala sing bakal mbalik marang sing nindakake*. Tema sajroning dongeng iku diandharake kanthi ora langsung (sumirat), lumantar cecaturane paraga. Sajroning dongeng kasebut tumindak ala sing ditindakake wekasane ngrugekake awake dhewe lan wong liya diandharake kanthi ora langsung. Kucing sing niyate ora bener wekasane dimungsuhu dening kanca-kancane. Kaya pethikan iki:

“Nha, tekaku mrene mau arep njaluk pambiyantumu. Piye carane supaya aku bisa nytingkirake Gembong?” ptakone Belang maneh.

“Kang Kucing! Becike wurungna wae niyatmu kuwi, Kang! Ora usah nuruti panase ati. Percaya, Kang. Kabeh tumindak, ala utawa becik, kabeh kuwi bakal tumimal balik mring awake dhewe.” (JB, No.25/III Pebruari 2012, kaca 48)

Saka andharan lan pethikan mau bisa didudut yen tema lan amanat diandharake kanthi sumirat. Diandharake sajroning pacelathon antarane Belang lan

Wirog sing ngrembug prekara kelakuane Belang sing tansah dhendham marang Gembong. Wirog wis ngelikake yen luwih becik mikir maneh aja nganti getun ing tembe. Saka cecaturan mau bisa uga dijupuk minangka amanat dongeng kasebut. Amanate yaiku sakabehe tumindak, ala utawa becik kabeh bakal mbalik mring awake dhewe. Semono uga tumindak ala wekasane ndadekake kapitunan lan getun.

## 2) Kangelan Diadhepi Kanthi Migunakake Akal

Salah sawijining perkara sing dadi punjering carita sabanjure yaiku rasa kangelan kang diadhepi kapinteran utawa kanthi migunakake akal. Sajroning patang dongeng ing rubrik CTP taun 2012 iki, tema mau diandharake kanthi maneka warna gegambaran.

Tuladhané yaiku dongeng kanthi irah-irahan *Bakul Topi lan Kethek*. Dongeng iki ngangkat sawijining tema *kangelan sing bisa diadhepi kanthi migunakake akal becik*. Tema sajroning dongeng iki diandharake kanthi sumirat, lumantar cecaturane paraga. Sajroning dongeng iku diandharake ora langsung ngenani kapinterane bakul topi nalika ngadhepi kethek sing akeh cacahe lagi nyolong topi dagangane. Bakul topi nduwe akal sawise dheweke nggatekake tumindake kethek sing pranyata seneng neniru. Kaya pethikan iki:

Nyawang kaanan iku, bakul topi duwe panemu nek kethek iku seneng neniru. Dheweke banjur ngguyu, “Saiki aku duwe akal,” ngono batine.

Bakul topi nyoba njoged, kethek-kethek iku melu njoged. Dheweke saiki yakin. Bakul topi iku banjur mbanting topine. Temenan, kethek-kethek iku iya banjur melu-melu mbanting topi. Kanthi trengginas bakul topi njupuki topi-topi sing padha diceblokake saka wit.(JB, No.24/II Pebruari 2012, kaca 49)

Saka pethikan mau bisa didudut yen tema lan amanat diandharake kanthi sumirat. Diandharake sajroning pacelathon antarane bakul topi nalika ngadhepi kethek-kethek kasebut. Saka gegambaran mau bisa uga dijupuk minangka amanat saka dongeng kasebut. Amanate yaiku samubarang sing angel aja dianggep angel tanpa dilakoni luwih dhisik. Manungsa sing dibekali akal becike digunakake kanggo ngrampungake sakabehe masalah. Tamtu wae uga dilandhesi kanthi niyat sing becik.

## 3) Kekancan

Salah sawijining perkara sing dadi punjering carita sabanjure yaiku babagan kekancan. Sajroning telung dongeng ing rubrik CTP taun 2012 iki, tema mau

diandharake kanthi maneka warna gegambaran kayata rasa setya lan peduli marang kanca.

Tuladhane yaiku dongeng kanthi irah-irahan *Kelinci lan Kupu-kupu*. Tema sajroning dongeng iki yaiku *kasetyan marang kanca*. Tema sajroning dongeng iki diandharake kanthi sumirat. Sajroning dongeng iku kasetyane Kupu marang Kelinci nganti tekan patine lan semono uga Kelinci kang tansah nggoleki Kupu senajan dheweke ngerti yen kaslametane kaancam diandharake ora langsung. Kaya pethikan iki:

“Ora usah mlayu Pak Kelinci. Penak neng kene, neng njaba ki akeh bebaya,” welingke Kupu. “Nek kowe kesepen, wis ta takkancani.” “Tenan, kowe ora ninggal aku?” takone Kelinci sujana.

“Tenan,” jawabe Kupu.

Dina-dina cindhake, Kelinci lan Kupu tansah dolan bareng. Nek wanci sore, Kelinci dilebokne kandhang dening juragane, Kupu turu ing tanduran sacedhake kandhang Kelinci. (JB, No.33/III April 2012, kaca 48-49).


Saka pethikan mau bisa didudut yen tema lan amanat diandharake kanthi sumirat. Diandharake sajroning pacelathon antarane Kelinci lan Kupu sing ngrembug perkara kasetyane. Saka cecaturan lan andharan mau bisa uga dijupuk minangka amanat saka dongeng kasebut. Amanate yaiku njaga kasetyan lan kapercayan marang kanca kuwi perlu, nanging aja nganti kebablasen awit kita uga kudu mikirake keslametan lan aja nganti nandhang kapitunan saka sipat mau.

### **b. Alur Dongeng**

Alur mujudake reruntutan sawernaning lelakon sing diandharake kanthi nggatekake watak kausalitas utawa asipat sebab akibat saengga dadi siji lan wutuh sajroning reriptan gancaran kayadene dongeng. Trap-trapan alur sajroning dongeng ing rubrik CTP taun 2012 iki ditinthingi nggunakake pamawase Nurgiyantoro (2007:116) sing diperang dadi telu, yaiku perkara, konflik, lan klimaks. Adhedhasar sinopsis sing wis diandharake sadurunge, alur sajroning dongeng ing rubrik CTP taun 2012 iki bisa dikelopokake kanthi cara mbeber inti carita saka wiwitan nganti pungkasan,

Salah siji tuladhane yaiku sajroning dongeng *Serik Tumindak Becik*. Sajroning dongeng iki, paragane yaiku Orang Utan lan Kethek, nduweni masalah nalika kangelan golek pangan. Kekarone banjur nemokake wit gedhang sing uwoh lan sabubare mangan kepethuk Lutung sing lagi keluwen. Wiwit saka kono masalah ngrembaka dadi konflik, awit turahan gedhang duweke

Orang Utan diwenehake marang Lutung, dene Kethek wekasane uga menehake turahan gedhange senajan ora pati lila. *Puncake* carita ing klimaks yaiku nalika Kethek dituturi dening Orang Utan sing pungkasane ndadekake Kethek mangerten tumrap bebener. Kanggo nggampangake mangerten alur caritane, digambarake sajroning bagan iki:



Gambar mau mujudake salah siji tuladha panggolonge kedadeyan sing nduweni peran minangka penggerak carita saka wiwitan nganti tumeka pungkasan sajroning dongeng ing rubrik CTP taun 2012. Pangelompokan kasebut dikarepake kanggo nggampangake anggone mangerten alur sajroning dongeng-dongeng kasebut. Sakabehe dongeng nduweni alur maju utawa lurus sing rerangken caritane sambung sinambung, kayata a-b-c-d-e-f-g-h-i. Babagan kasebut ndadekake dongeng gampang dimangerten dening pamaca utamane bocah.

Saka gegambaran ngenani alur sing wis diandharake mau, uga bisa dijupuk sawijining dudutan yen plot sajroning dongeng ing rubrik CTP taun 2012 iki kalebu plot kronologis utawa katengeran kanthi jeneng plot lurus adhedhasar kriteria wektune. Diarani plot lurus amarga kedadeyan lan prekara sing

ndadekake kawutuhan caritane diandharake kanthi runtut babagan wektune lan ora ngandharake siji kedadeyan wae sing ndadekake caritane ora runtut.

### c. Paraga lan Pamaragan Dongeng

Tembung pamaragan luwih jembar anggone negesi tinimbang paraga lan wewatekane, amarga istilah kasebut nyakup masalah sapa paraga caritane, kepriye wewatekane, lan kepriye kalungguhan lan gegambarane sajroning carita saengga bisa menehi andharan sing cetha marang pamaca. Analisis pamaragan diwatesi paraga utama sing ditengenake sajroning carita, nanging babagan kasebut ora ndadekake paraga liya kalebu ora penting awit kabeh nduweni peran dhewe-dhewe. Paraga utama dipilih amarga dheweke mujudake paraga sing penting lan ditampilake ajeg saengga kalebu paraga sing ditengenake lan nggawa alur sajroning carita.

Salah siji tuladhane diandharake ing dongeng kanthi irah-irahan *Kopi, Susu, lan Teh*. Paraga utama sajroning dongeng iki yaiku bakul teh. Dheweke digambarake kanthi cetha tinimbang bakul kopi lan bakul susu. Bakul teh mujudake pawongan sing ala bebudine. Dheweke meri marang bakul kopi lan bakul susu sing luwih laris dagangane. Saka rasa merine kasebut dheweke nduweni niyat ala kanggo ngrusak dagangane bakul kopi lan bakul susu supaya ora payu. Amarga tumindake kasebut, ing pungkasane dheweke malih bangkrut lan ora payu dagangane. Kaya pethikan iki:

“Hahahahahaha....Rasakna! daganganmu dakorak-arik. Sesuk warungmu ora bakal payu. Terus wong-wong bakal mara menyang warungku. Sesuk bukake bareng wae, ayo dideleng sapa sing warunge bakal rame sesuk,” kandhane si bakul teh gumedhe, karo njangkah ninggalake pawone si bakul kopi. (JB, No.17/IV Desember 2012, kaca (48-49)

Beda karo bakul teh, bakul kopi lan bakul susu mujudake paraga sing sabar. Kekarone ora mungsuhi lan ora nduwe niyat ala marang bakul teh senajan dagangane wis dirusak. Ora ana sing ngira saka pokale bakul teh mau dagangane kekarone dadi tambah laris tinimbang sadurunge. Kaya pethikan iki:

Bakul kopi lan bakul susu banjur ngrembug kedadeyan aneh iki kanthi sareh, tanpa nyalahake siji lan sijine, jalaran kekarone ngalami bab sing padha. Saka rembugan iku, kalarone sujana karo bakul teh sing kabeneran esuk iku durung bukak. Kamangka biasane bukak dhisik, sanajan kalah rame karo warung

kopi lan warung susu. Kekarone wis ngira menawa sing tumindak iku bakul teh. Nanging kekarone ora arep tumindak ala marang bakul teh, tinimbang dadi perkara sing dawa. (JB, No.17/IV Desember 2012, kaca (48-49)

Saka andharan mau bisa didudut yen bakul teh mujudake paraga antagonis lan bakul kopi lan bakul susu minangka paraga protagonis. Sajroning dongeng iki ditengenake wewatekan sing ala pungkasane mesthi ngrugekake awake dhewe. Mula wigati tumrap manungsa, sadurunge tumindak luwih dhisik kudu mikirake aja nganti getun ing tembe.

### d. Latar Dongeng

Latar utawa setting gegayutan kalawan wektu, panggonan carita iki dumadi, lan kahanane. Sajroning rubrik CTP taun 2012 iki gegambaran ngenani latar diwatesi dadi panggonan lan wektu, amarga kahanan sajroning dongeng ora ditengenake nanging ora ateges ora wigati. Wektu bisa ateges esuk, awan apadene bengi. Panggonan bisa sajroning kraton, ngarep omah, alas, lan sapanunggalane. Sajroning dongeng ing rubrik CTP taun 2012 iki latar sing didadekake minangka panggonan lan wektu dumadine kedadeyan diandharake kanthi prasaja.

Salah siji tuladhane diandharake ing dongeng kanthi irah-irahan *Gajah lan Konang*. Ing wiwitan carita iki pamaca utamane bocah bisa langsung kanthi gampang mangertenipanggonan lan wektu kedadeyané dongeng kasebut. Dongeng iki dumadi ing alas. Kanthi nuduhake anane kewan-kewan sing manggoni ora amung kewan ingon nanging kewan-kewan gedhe kayata gajah lan singa ndadekake latar dongeng iki gampang dingertenipanggonan. Dongeng iki ora nduwe panggonan liya saliyane ing alas. Sakabehe prekara tuwuhan dipungkasi ing panggonan iki uga. Kaya pethikan iki:

Menawa gajah ana alas sisih kulon. Dheweke mangan kewan ing alas sisih wetan.

Bareng srengenge wis arep ndhelik, anak-anak kewan mau digiring babone mlebu alas mulih ing omahe dhewe-dhewe.

Esuke para babon kewan wis ngumpul nemoni kancil lan nyaritakake sakabehe. Bengi iku gajah dheleg-dheleg. (JB, No.20/III Januari 2012, kaca 48-49)

Saka pethikan mau, uga bisa dingertenipanggonan wektu dongeng iki kedadeyan. Carita iki kawitane dumadi ing wayah sore saka gegambarang srengenge wis arep ndhelik. Carita sabanjure ing wektu esuk

nalika kewan-kewan padha rembugan ngenani raja sing ora disenengi dening rakyate. Kedadeyan-kedadeyan sabanjure nalika ing saben bengi gajah lan konang jaga alas saka pokale singa lan anak buah sing wekasane bisa dikalahake. Pungkasane carita amung dikandhakake tekan semono tanpa ngandharake babagan wektune.

Sawise mbeber struktur dongeng lumantar andharan-andharan mau bisa dijupuk sawijining dudutan ngenani karakteristik dongeng, yaiku:

- 1) Tema dongeng ing rubrik CTP taun 2012 umume gegayutan karo masalah bebrayan. Masalah bebrayan mau umume tuwuh akibat anane sesambungan antarane paraga siji lan sijine. Ing antarane tema-tema sing ana, tema sing paling onja utawa luwih akeh diandharake yaiku tumindak ala bakal dibales kanthi ala uga, dene kabecikan uga bakal antuk piwales sing becik. Amanat dongeng ing rubrik iki uga ora adoh saka tema mau, yaiku memulang tumindak becik marang pamaca.
- 2) Sakabehe dongeng sajroning rubrik CTP nduweni alur lurus utawa maju. Babagan iki dikarepake supaya pamaca, utamane bocah luwih gampang anggone bisa mangerteni kedadeyan-kedadeyan sajroning dongeng.
- 3) Paraga sajroning dongeng ing rubrik CTP iki umume kewan lan manungsa. paraga utama ana sing nduweni kapinteran tartamtu, ana sing becik bebudene, nanging uga ana sing jahat lan culika. Saliyane iku, ana uga paraga sing nduweni kalungguhan ngelingake paraga antagonis.
- 4) Latar utawa setting gegayutan kalawan wektu, papan panggonaning carita iki dumadi, lan kahanane. Sajroning rubrik CTP taun 2012 iki gegambaran ngenani latar diwatesi dadi panggonan lan wektu. Wektu bisa ateges esuk, awan, apadene bengi. Panggonan bisa sajroning kraton, ngarep omah, alas, lan sapanunggalane. Sajroning dongeng ing rubrik CTP taun 2012 iki latar sing didadekake minangka panggonan lan wektu dumadining carita diandharake kanthi prasaja.

### **3. Nilai-nilai Sing Kinandhut Sajroning Rubrik CTP Jaya Baya Taun 2012**

Saliyane nggunakake teori struktural dinamik, dongeng-dongeng iki sawise ditintangi strukture banjur digayutake karo bab-bab ing sanjabane sastra kayata nilai-nilai sing kinandhut ing sajerone. Nilai-nilai mau bisa didudut kanthi cara nafsirake utawa kanthi metodhe hermeneutik.

Nilai-nilai sing kinandhut sajroning dongeng yaiku kautaman utawa moral lan panggulawenthah utawa didaktis. Nilai-nilai kasebut menehi piwulang becik kanggo pamaca utamane bocah, kanthi nuduhake tumindak ala utawa becik lan salah utawa bener sajroning carita.

Piwulang kautaman kasebut diwedharake lumantar pesen-pesen sing sinurat apadene sumirat sajroning dongeng. Kanthi pesen kautaman kasebut, diajab pamaca bisa ngetrapake sajroning urip saben dinane, kayata ngowahi sipat ala dadi luwih becik. Pesen-pesen kautaman ora winates cacahe, bisa gegayutan karo sakabehe masalah ing urip bebrayan. Ing tintingan iki pesen kautaman dibedakake dadi telu, yaiku pesen kautaman sing gegayutan karo Pangeran, gegayutan karo bebrayan agung lan alam, sarta pesen kautaman sing gegayutan karo diri diri pribadine manungsa iku dhewe.

#### **a. Pesen Kautaman Sing Gegayutan Karo Pangeran**

Kapitayane manungsa marang Pangerane ndadekake manungsa nduweni landhesan kanggo pamikirane, kanggo nemtokake patrap kang bener lan pener salaras karo norma agama. Manungsa sing nduweni kautaman becik ora bakal wani nyimpang saka paugeran sing wis ana ing batine, utamane manungsa sing wiwit cilik wis mangerteni babagan kasebut. Kautaman sing gegayutan karo Pangeran kayata nindakake ibadah, percaya (iman) marang Pangeran, pasrah, lan sukur.

Salah siji tuladhane yaiku sukur. Sukur miturut Poerwadirminta (1937: 578) mujudake cara ngaturake rasa panuwune marang Gusti Sing Maha Murah. Panuwun tumrap apa wae sing wis diparingake, sing ndadekake uripe manungsa luwih kepenak. Syukur umume dilakoni sawise sawijining titah iku nemahi babagan sing ndadekake dheweke isih rumangsa bejo. Ing rubrik CTP iki, syukur diandharake ing patang dongeng.

Sing sepisan yaiku dongeng kanthi irah-irahan *Bakul Topi lan Kethek*. Sajroning dongeng iki, dicritakake nalika bakul topi dirusuhi dening kethek-kethek kanthi njupuk kabeh topi dagangane nalika dheweke turu ing alas. Sawise topi mau kasil direbut maneh, dheweke banjur gage-gage mulih sinambi ngucapake syukur. Rasa panuwune diaturaka marang Gustine awit topi sing dadi dagangane wis bisa mbalik maneh marang dheweke. Kaya pethikan iki:

“Bareng wis nglumpuk, gage dilebokake kranjang lan dheweke mlaku maneh kanthi

## Dongeng ing Rubrik *Crita Taman Putra Jaya Baya* 2012 lan Pasinaone Sastra

ngucap syukur.” (JB. No.24/ II Pebruari 2012, kaca 49)

Dongeng kapindho sing ngandharake babagan syukur yaiku dongeng sing asesirah Kelinci lan Kupukupu. Sajroning dongeng iki rasa panuwune Kelinci disuntak sawise dheweke kelangan kanca sing paling ditresnani, amarga isih akeh kanca-kanca liyane sing marani dheweke saengga bisa nglipur atine sing susah.

“Ning Kelinci tansah ngucap syukur, dene isih diparingi kanca akeh.” (JB. No.33/ III April 2012, kaca 49)

Sabanjure yaiku dongeng kanthi irah-irahan *Barad lan Sudir*. Babagan sukur sajroning dongeng iki diandharake dening paraga Sudir amarga dheweke nduweni asil sing akeh saka tegalan sing anggone tuku diwenehi dhuwit dening Barad. Saka asile nenandur, uripe dadi sarwa cukup ora kurang sawijining apa. Sudir kalebu wong sing nduweni sipat becik ora lali lan ngrumangsani yen sakabehe rejeki kuwi diparingi dening Gustine, mula dheweke tansah ngaturake panuwune marang Gusti Sing Maha Murah minangka rasa syukure. Kaya pethikan iki:

“Syukur wonten ngarsanipun Gusti Allah dene pategalan menika saged maringi asil kathah. Kula sakulawarga boten kekirangan tedhan malih.”(JB. No.38/III Mei 2012, kaca 49)

Rasa sukur sajroning rubrik CTP iki wekasane diandharake sajroning dongeng kanthi irah-irahan *Tukang Kayu*. Sajroning dongeng iki, Wak Braja sing wis kagolong tuwa ora ngira yen bakal nduwe anak saka Nyi Braja sing meh padha umure. Babagan iku ndadekake dheweke seneng banget nanging ora lali marang sing paring panguripan. Dheweke ngucapake matur nuwun marang Gustine minangka rasa syukure awit pepenginane sakloron dikabulake sanajan jroning wektu ngenteni sing ora sedhela. Kaya pethikan iki:

“Apa Nyi, dadi sampeyan lagi nggarbini?! Matur nuwun Gusti, sampun Panjenengan kabulaken donga kula.” (JB, No.11/ II Nopember 2012, kaca 49)

Sajroning rubrik CTP iki, pesen-pesen kautaman sing gegayutan karo Pangeran dirembug ing nem dongeng kanthi irah-irahan *Serik Tumindak Becik, Bakul Topi lan Kethek, Kelinci lan Kupu-kupu, Barad lan Sudir, Abu Nawas Sida Motong Kewan Kurban, lan Tukang Kayu*. Saka andharan mau, pesen kautaman sing gegayutan karo Pangeran yaiku nindakake ibadah, percaya marang Pangeran, pasrah, lan tansah nduweni rasa syukur. Sakabehe pesen kasebut ngajarake kanthi

ora langsung supaya pamaca uga nuladhani tumindak becik sing ana sajroning dongeng kasebut.

### b. Pesen Kautaman Sing Gegayutan Karo Bebrayan Agung lan Jagad Gumelar

Kautamane manungsa sing gegayutan karo bebrayan agung ndadekake manungsa bisa nindakake sesambungan sing becik kalawan manungsa liyane. Bab mau bisa dilakoni kayata ngormati lan ngajeni sapadha-padha. Masalah-masalah sajroning sesambungan antarane manungsa siji lan sijine bisa diadhepi, kayata kekancan, kakulawargan, lan kasetyan. Kautaman sing gegayutan karo lingkungan sosial ora bisa ninggalake sesambungane manungsa karo alam. Kekarone kudu diduweni. Alam minangka papan panggonan manungsa kudu dijaga lan dilestarekake murih ora nganti ngrugekake manungsa dhewe. Kautaman sing gegayutan karo bebrayan agung lan jagad gumelar kayata tetulung, tata krama, patrape pemimpin sing becik, tresna marang kewan, lan nglestarekake alam.

Salah siji tuladhane yaiku tata krama. Tata krama miturut Poerwadirminta (1937: 595) yaiku unggah-ungguhinh gunem tuwin tumindak. Tata krama mujudake cara kang dituduhake kanggo ngajeni lan ngurmati wong liya. Umume, tata krama ditindakake dening wong sing luwih enom marang wong sing luwih tuwa lan uga marang wong sing nduweni pangkat luwih dhuwur. Senajan mangkono, sejatiné tata krama bisa ditindakake dening sapa wae lan marang sapa wae, awit tata krama nuduhake kalungguhan lan kahanan sing diduweni pawongan kasebut. Sajroning rubrik CTP iki, tata krama diandharake sajroning dongeng asesirah *Keduwung*.

Sajroning dongeng kasebut, dicritakake piwulang tata kramane Wirog. Anggone nyumanggakake kanthi semanak nalika nampa dhayuh nuduhake yen dheweke iku wong sing abudi becik. Beda karo patrape Belang sing sadurunge dheweke ditampa kanthi becik merdhayuh ing omahe Wirog, nalika mulih malah tanpa pamit. Babagan kasebut nuduhake yen Belang ora nduweni tata krama. Kaya pethikan iki:

“mangga, mangga....” grapyak sumanak pambagene Wirog.  
.....

“Wis, wis, uwisss....!” klepat Belang mulih tanpa pamit. Wirog mlongo ngerti patrape Belang sing nytingkur tata krama. (JB, No.25/III Pebruari 2012, kaca 48)

Saka andharan ing ndhuwur bisa didudut anane pesen kautaman yaiku tata krama kuwi apik disawang apadene dirungokake. Wong sing ora nduwe tata krama nuduhake yen kurang tumata bebudhene. Beda karo wong sing nduwensi tata krama, kahanan apa wae sing dumadi mesthi tansah ngupaya kanggo ngajeni lan ngurmati liyan.

Tuladha kapindho yaiku nglestarekake alam. Nglestarekake dumadi saka tembung lestari sing miturut Poerwadirminta (1937: 272) nduwensi teges ajeg, ora owah, lan isih kaya kawitane. Nglestarekake alam yaiku sawijining cara kanggo ngupakara supaya alam ing sakupenge manungsa ora rusak. Cara kasebut ditindakake dening manungsa amarga lingkungan alam mujudake tanggung jawabe manungsa. Lingkungan alam ora amung ateges alas wae, nanging uga panggonan sing ana ing sakupenge manungsa kayadene kali, sawah, saluran banyu lan liya-liyane. Sajroning rubrik CTP iki, sing ngandharake kahanan alas rusak amarga pokale manungsa sing sakarepe dhewe, yaiku dongeng kanthi irah-irahan *Serik Tumindak Becik*.

Sajroning dongeng iki, dicritakake uripe kewan alas sing malih susah amarga wit-witan ing alas saya suda. Sudane wit-witan ing alas ndadekake angele kewan-kewan mau kanggo golek pangan, awit kewan-kewan mau mangan saka asile wit-witan sing uwoh. Kewan sing pegel atine banjur nyalahake manungsa sing ora gelem tanggung jawab marang tumindake. Bisa diwaswas saka pethikan ing ngisor:

“Sawangen saiki. Alas sing biyen ketel riyel, ijo royo-royo, saiki akeh sing malih dadi arara ngenthak-enthak. Yen wis kaya ngono kahanane, arep nyang endi maneh awake dhewe yen ora cures ngenes?”

“Njur sing salah ngono iku sapa, Kang?”

“Kabeh iki nyata akibat saka kesrakahane manungsa. ning tangeh lamun manungsa gelem ngakoni salah.” .”(JB, No.19/II Januari 2012, kaca 48)

Pethikan mau nuduhake pegele kewan marang manungsa sing ngrusak papan panggonane tanpa gelem ngakoni salah lan tanggung jawab marang tumindake. Saka andharan mau bisa didudut kautamane yaiku supaya manungsa gelem njaga lingkungan sakupenge. Aja nganti ngrusak alas amarga alas panggonane kewan-kewan sing uga mbuthake panguripan.

### c. Pesen Kautaman Sing Gegayutan Karo Diri Pribadi

Kautaman sing diduweni manungsa ndadekake manungsa isin nglakoni tumindak sing kleru. Nilai kautaman sing gegayutan karo diri pribadi utawa manungsa iku dhewe akeh cacahe, bisa arupa sabar, dhendham, meri, wedi, isin, lan sapanunggalane. Kanthi anane kautaman mau manungsa bisa ngontrol awake dhewe kanthi tansah njaga pikiran lan tumindake supaya selaras karo norma kang lumaku ing masyarakat. Kautaman sing gegayutan karo diri pribadine manungsa sajroning rubrik CTP akeh wujude kayata sabar, meri, jujur, getun,

Salah siji tuladhane yaiku meri. Meri miturut Poerwadirminta (1937: 303) nduwensi teges seneng mada lan ora seneng atine yen wong liya antuk ganjaran. Meri mujudake sawijining rasa ora seneng sing dirasakake amarga kaluwihan sing diduweni dening liyan. Wong sing meri sejatine rumangsa ora bisa seajar kaya dene wong liya sing dirasa nduwensi kaluwihan. Rasa meri umume ndadekake pawongan ngetokake kemampuan kanggo nyelakakake liyan kanthi tujuwan ngilangake kaluwihan sing diduweni dening liyan kasebut. Sajroning rubrik CTP taun 2012 iki, babagan sing ngrembug sabar ana sajroning dongeng kanthi irah-irahan *Kelinci lan Kupu-kupu sarta Kopi, Susu, lan Teh*.

Dongeng sing sepisan kanthi irah-irahan *Kelinci lan Kupu-kupu* nyritakake uripe Kelinci lan Kupu sing ora nduwensi rasa syukur tumrap panguripane. Kelinci rumangsa uripe kupu luwih penak amarga bisa urip bebas lan ora dilebokake kandhang kaya dheweke. Suwaliike kupu uga rumangsa uripe kelinci luwih kepenak amarga ana njero kandhana lan diopeni dening manungsa ora ndadekake dheweke golek pangan dhewe. Kaya pethikan iki:

“Penak ra penak ki gumantung marang sing nglakoni. Nek saka rumangsaku, kok luwih penak kowe.” (JB. No.33/ III April 2012, kaca 49)

Dongeng sing kapindho kanthi irah-irahan *Kopi, Susu lan Teh* nyritakake uripe bakul teh sing meri marang tanggane yaiku bakul kopi lan bakul susu. Anggone meri amarga bakul kopi lan bakul susu luwih laris dagangane. Ora kaya bakul teh sing mesthi sepi lan saya suwe pelanggane saya suda. Sajroning rasa merine, bakul teh banjur nduwensi gagasan ala kanggo ngrusak dagangane bakul kopi lan bakul susu, kaya pethikan iki:

## Dongeng ing Rubrik *Crita Taman Putra Jaya Baya* 2012 lan Pasinaone Sastra

“Ndeleng tangga-tanggane kasil, ndadekake bakul teh ora seneng lan meri. Saya suwe, rasa ora seneng kasebut saya numpuk. Wekasane tuwu h gagasan kanggo ngrusak dagangane bakul kopi lan bakul susu.” (JB, No.17/ IV Desember 2012, kaca 48-49)

Saka andharan mau bisa didudut ngenani nilai kautaman supaya manungsa aja nganti nduweni rasa meri kaya sajroning crita mau. Manungsa kudu bisa nrima lan ngedohi sipat meri supaya ora rugi ing tembe utamane meri sing sinartan tumindak-tumindak ala. Upama ngerti wong liya sing nduweni kabisan sing luwih manungsa sejatiné bisa ngupaya supaya nduweni kabisan, saengga nambahi kabisan kanggo ngilangake rasa meri kasebut. Ora ateges nyaangi, nanging kepriye carane supaya ora nduweni rasa meri maneh.

### 4. Dongeng Sajroning Rubrik CTP Jaya Baya Taun 2012 Minangka Bahan Pasinaon Sastra

Dongeng sing digunakake minangka bahan pasinaon sastra, diwedharake kanthi njlentrehake kalungguhane dongeng sajroning kurikulum. Kurikulum sing digunakake kanggo dhasar yaiku kurikulum tingkat satuan pendidikan (KTSP) Mulok Bahasa Jawa taun 2008. Pamulangan tumrap siswa SMP dipilih, kanthi alesan anane standar kompetensi sing gegayutan karo aspek sastra, mligine sastra kanggo bocah lan cundhuk kalawan tujuwan panliten iki.

#### a. Standar Kompetensi Ngrungokake

Standar kompetensi (sabanjure kacekak SK) ngrungokake sing gegayutan karo pasinaon sastra sajroning kurikulum kapisan kalebu ing kelas VII semester loro, yaiku mangertení carita sing dirungokake. Kompetensi dasar (sabanjure kacekak KD) saka SK mau yaiku ndudut isi carita sing dirungokake lan nemokake gegayutan isi carita karo urip padinan. Kapindho ing kelas VIII semester siji, SK sing gegayutan karo sastra, yaiku ngapresiasi prosa lumantar kegiatan ngrungokake. KD saka SK mau yaiku mangertení inti prosa sing dirungokake lan nemokake unsur intrinsik prosa.

Saka rong SK mau, umume padha bab sing kudu ditindakake yaiku padha-padha nindakake kegiatan ngrungokake. Ora akeh bedane, kelas VII kanggo mangertení carita kanthi tujuan ndudut isi carita lan nggayutake isi carita karo urip padinan, dene kelas VIII kanggo ngapresiasi carita kanthi tujuan mangertení isi carita lan nemokake unsur intrinsike. Carita sing digunakake sajroning pasinaon iki bisa arupa carita sing ana gegayutane karo sastra kanggo bocah. Sastra

kanggo bocah sing bisa digunakake kayata dongeng. Dongeng dipilih kanthi alesan: (1) isi caritane cetha utawa nduweni tema sing wis tamtu, (2) dongeng bisa digayutake karo urip padinan sing bisa memulang tumindak becik, (3) dongeng nduweni unsur-unsur intrinsik sing karakteristike beda kalawan rerpitan sastra liyane.

Panganggone dongeng minangka bahan ajar *ketrampilan ngrungokake sastra*, bisa ditindakake salah sijine kanthi materi dongeng sing kapacak ing rubrik CTP kalawarti Jaya Baya taun 2012. Saka dongeng sing dipilih tuladhané dongeng kanthi irah-irahan *Keduwung*. Sadurunge miwiti pasinaon, guru njelasake ngenani bab-bab sing gegayutan karo dongeng lan tata cara ngrungokake dongeng. Miturut Endraswara (2009: 59), nalika ndongeng, guru bisa nggunakake piranti arupa wayang kancil. Senajan nggunakake piranti pambiyantu, nanging ora oleh nglirwakake swasana sing diwangun sajroning ndongeng mau, amarga kanthi swasana sing kawangun siswa bisa ketarik kawigatene lan luwih tumemen anggone ngrungokake. Siswa sing nyemak kanthi tumemen bakal luwih bisa mangertení isi sing kinandhut sajroning dongeng.

#### b. Standar Kompetensi Maca

SK maca sing gegayutan karo pasinaon sastra sajroning kurikulum, kapisan kalebu ing kelas kelas VII semester siji, yaiku maca intensif teks sastra lan non sastra. Sabanjure ing KD dipilih ngandharake isi wacana sastra, salaras karo tujuwan pasinaon sastra. Kapindho ing kelas VIII semester siji, SKne yaiku maca banter teks mawa huruf Latin/Jawa. KD sing selaras yaiku maca teks mawa aksara Latin kanthi pocap sing bener. Kaping telu ing kelas IX semester siji, SK sing gegayutan karo sastra yaiku mangertení wacan mawa aksara Latin/ Jawa kanthi teknik maca cepet. KDne yaiku nemokake gagasan pokok sawijining wacan kanthi maca cepet 150 tembung saben menit.

Saka telung SK mau, kegiatan maca mujudake bab sing kudu ditindakake wiwit kelas VII nganti kelas IX. Kegiatan maca sing dikarepake ora saderma maca nanging mawa teknik utawa cara sing wis ditemtokake. Kanggo kelas VII, yaiku maca intensif teks sastra kanthi tujuan ngandharake isi wacana sastra. Kanggo kelas VIII, yaiku maca banter kanthi tujuwan maca teks kanthi pocap sing bener lan pener. Kanggo kelas IX yaiku maca cepet sing ancuse nemokake gagasan pokok sajroning wacan kanthi maca cepet 150 tembung saben menit.

Ketrampilan maca sajroning pasinaon sastra iki tamtu wae ora uwal saka wacan sastra, mligine sastra kanggo bocah sing salah sijine bisa awujud carita utawa dongeng. Dongeng dipilih kanthi alesan: (1) bisa diwaca mawa teknik maca intensif, kanggo nemokake inti wacan, awit dongeng nduweni tema sing gampang ditemokake, (2) bisa diwaca mawa teknik maca banter, kanggo ngukur kemampuan siswa tumrap pocap sing bener lan pener, lan (3) bisa diwaca mawa teknik maca cepet, sing isih gegeyutan karo alesan kapisan yaiku gagasan pokok dongeng sing gampang ditemokake.

Miturut Endraswara (2009:47), maca dongeng bisa diperang dadi loro, yaiku maca biasa kanthi tujuwan mangertenin makna sajroning wacan lan maca kanthi ekspresi seni. Gegayutan kalawan bab kasebut, maca carita utawa dongeng kalebu ing perangan kapisan yaiku kanggo tujuwan mangertenin makna sajroning wacan. Panganggone dongeng minangka bahan ajar ketrampilan maca sastra, bisa ditindakake salah sijine kanthi nggunakake dongeng-dongeng sing kapacak ing rubrik CTP kalawarti Jaya Baya taun 2012. Sabanjure guru bisa ngolah dongeng mau kanggo memulang materi sing gegayutan karo maca. Tuladhané materi sing gegayutan karo maca banter. Maca banter mujudake kagiyatan maca kanthi nyuwarakake tulisan kang diwaca kanthi ucapan lan intonasi kang bener lan pener supaya pamireng lan pamaca bisa mangertenin informasi kang diandharake dening pangripta/ panulis, kang bisa arupa pikiran, rasa pangrasa, utawa pengalamane pangripta. Guru bisa njelasake marang siswane bab-bab sing perlu digatekake sadurunge maca kanthi banter, yaiku:

- a. Nggunakake ucapan kanthi bener lan pener
- b. Nggunakake intonasi suwara kang wajar
- c. Sajroning sikap (posisi) sing apik
- d. Mangertenin tandha waca
- e. Maca kanthi cetha
- f. Maca kanthi kebak rasa pangrasa utawa ekspresif
- g. Maca kanthi rasa percaya dhiri

Tuladha sabanjure yaiku materi sing gegayutan karo maca cepet. Miturut Sukendro, sakanca (2008), maca cepet yaiku kagiyatan maca kanthi lancar (cepet). Kaprigelan maca cepet iki bisa diundhakake kanthi cara asring nggladhi maca. Maca sing becik, kajaba lancar, cetha, lan lagu ukarane trep, nanging uga kudu nggatekake isi lan maknane. Bab-bab sing kudu digatekake sajroning maca cepet, yaiku:

- a. Anggone maca ing njero batin wae (ora ngetokake swara utawa kecapan)
- b. Maca sing becik kudu sinambung (ora satembung-satembung)

- c. Ora mbaleni ukara utawa larikan sing wis diwaca
- d. Kudu nggatekake tembung-tembung sing wigati ing wacan
- e. Mahami gagasan baku (ide pokok) kang kinandhut ing wacan
- f. Mangertenin isi lan maknane wacan kanthi wutuh.

#### **c. Standar Kompetensi Nulis**

SK nulis sing gegayutan karo pasinaon sastra sajroning kurikulum kalebu ing kelas VII semester siji, yaiku ngandharake pikiran, rasa pangrasa, lan gagasan sajroning narasi prasaja lan ngandharake sawenehing informasi mawa aksara Latin lan Jawa. Kompetensi dhasare yaiku nulis pawarta utawa carita.

*Ketrampilan* nulis sajroning pasinaon sastra iki tamtu wae ora uwal saka nulis carita, amarga pawarta kalebu nonsastra. Carita sing dipilih bisa arupa carita sing ana gegayutane karo panguripane bocah, kanthi alesan luwih gampang ditindakake dening siswa awit carita mau asale bisa saka pengalamane dhewe-dhewe. Carita-carita mau yen dening siswa diolah kanthi becik lan tumemen, bisa dadi sawijining dongeng sing narik kawigaten. Guru uga bisa nyengkuyung siswane supaya nulis carita utawa dongeng banjur dikirimake ing kalawarti-kalawarti nganti bisa kapacak. Yen dedongengan sing diripta dening siswa mau bisa kapacak, bakal bisa aweh panjurung lan motivasi tumrap siswa iku dhewe kanggo makarya luwih tumemen.

Panganggone carita utawa dongeng minangka bahan ajar *ketrampilan* nulis sastra, bisa ditindakake dening guru sing salah sijine kanthi materi nulis crta cekak. Miturut Endraswara (2009:45), sawise nemtokake tema, nulis crta cekak bisa ditindakake kanthi cara:

- 1) Nemtokake gegambaran paraga lan swasana sing bakal dilebokake jroning carita.
- 2) Nggunakake basa sing digawe luwih endah tinimbang nulis umume, banjur wiwit nyritakake paraga lan wewatekane, kahanan, pikirane paraga, lan sapanunggalane.
- 3) Nata alur sing lumaku jroning carita.
- 4) Nglebokake piwulang kautaman sajroning carita supaya carita mau nduweni isi (makna).
- 5) Nggawe pungkasan carita sing ora bisa dibedhek.

#### **d. Standar Kompetensi Micara**

SK micara sing gegayutan karo pasinaon sastra sajroning kurikulum kalebu ing kelas XI semester loro, SK sing gegayutan karo sastra yaiku micara

meragakake *peran* kanthi KD nindakake kegiatan drama. *Ketrampilan* micara sajroning pasinaon sastra iki tamtu wae ora uwal saka micara sing gegayutan karo carita, amarga drama dhewe mujudake rerangkene sawijining kedadeyan sing ditindakake dening manungsa kanggo meragakake paraga-paraga tartamtu.

Carita sing dipilih kanggo diperagakake sajroning drama bisa dijupuk saka dongeng-dongeng ing rubrik CTP Jaya Baya, kanthi alesan: (1) sajroning dongeng umume nduweni paraga sing luwih saka siji, saengga antarane siswa bisa nindakake pacelathon sing tamtu wae gegayutan karo ketrampilan micara, (2) alur sawijining dongeng sing umume alur maju, ndadekake drama luwih gampang dimangertenin intine dening siswa, (3) amanat sajroning dongeng sing kalebu sajroning drama bisa digunakake kanggo memulang bab nilai-nilai kautaman lan sing gegayutan karo urip bebrayan tumrap siswa.

Gegayutan kalawan carita utawa wacan bocah, dongeng mujudake sawijining bahan sing bisa digunakake kanggo pasinaon drama utawa kanggo *pertunjukan*. Miturut Endraswara (2009:47), sajroning pasinaon drama iki, siswa diajab bisa nuduhake isi carita marang pamirsa. Panganggone carita utawa dongeng minangka bahan ajar ketrampilan micara lumantar kegiatan drama, nuntut paragane (siswa) bisa *tampil* ing sangarepe kanca-kancane kanti *percaya diri*, bisa ngolah suwara, lan bisa narik kawigatene pamirsa. Kanggo mujudake pasinaon drama kasebut, miturut Endraswara (2009:83) bisa ditindakake salah sijine kanthi cara:

- 1) Guru nuduhake sawenehing dongeng sajroning rubrik CTP Jaya Baya sing bisa digunakake kanggo drama lan paring materi sing gegayutan karo drama.
- 2) Siswa diperang dadi kelompok-kelompok sing salaras karo cacahe paraga sajroning dongeng.
- 3) Siswa bebas milih paraga sing bakal diperagakake.
- 4) Guru njelasake wewatekane paraga supaya siswa luwih cepet mangertenin.
- 5) Siswa ditugasi ngapalake dialog, latian akting, lan bloking kanthi prasaja.
- 6) Latian drama bisa diwiti.
- 7) Kelompok liya bisa ngamati lan ngapresiasi.
- 8) Giliran kelompok sabanjure, nganti kabeh bisa meranake drama saka saben-saben dongeng mau.

#### e. Tuladha Pangetraping Pasinaon Sastra

Kanggo menehi tuladha pangetraping pasinaon sastra saka analisis kurikulum kang wis diandharake,

bisa dicakake dening guru salah sijine lumantar perangkat pembelajaran arupa silabus lan RPP.

#### 1) Silabus

Tuladha silabus sing gegayutan karo pasinaon sastra, mligine kanggo kelas VIII semester siji iki direncanakake saka SK ngrungokake: ngapresiasi gancaran lumantar kegiyatan ngrungokake sarta KD mangertenin inti gancaran sing dirungokake lan nemokake unsur intrinsike. KD banjur ngrembaka dadi indikator kognitif, psikomotor, lan afektif. Indikator kognitif sing selaras kalawan KD kapisan yaiku bisa ndudut isi cerkak sing dirungokake, bisa nemokake pesen sajroning cerkak, lan bisa nemokake nilai kautaman sajroning cerkak, dene saka KD kapindho yaiku bisa nyebutake unsur intrinsik sajroning cerkak lan nemokake unsur-unsur kasebut sajroning cerkak. Indikator afektif diperang dadi *perilaku berkarakter* kayata ngrungokake, kerja sama, berbahasa, lan menghargai, dene *ketrampilan sosial* kayata ngandharake panemu, presentasi, demonstrasi, takon, lan diskusi karo siswa liyane.

Materi sing bakal digunakake tumrap pasinaon dongeng iki dijupuk saka buku pelajaran utawa buku teks sing ngandhut piwulang gegayutan karo ngrungokake dongeng, unsur-unsur intrinsik sajroning dongeng, lan cara ngringkes dongeng mau. Kegiatan pasinaon dongeng iki ditindakake dening guru wiwit ngandharake dongeng, ngandharake unsur intrinsik dongeng, guru ndongengi siswane, guru lan siswa nindakake *tanya-jawab* kanggo ngapresiasi isi dongeng, nganti nindakake evaluasi tumrap siswa kanthi nggarap tugas sing wis disiyapake.

Sajroning pasinaon iki nggunakake teknik penilaian saka tugas individu, tugas kelompok, lan ulangan. Bentuk instrumene saka saben-saben lembar penilaian kayata penilaian kognitif, penilaian psikomotor, pengamatan guru, pengamatan aktivitas siswa, pengamatan perilaku berkarakter, lan pengamatan ketrampilan sosial digunakake kanggo mbiji saben-saben bab mau. Tuladha instrumen sing digunakake kanggo mbiji kabisane siswa sawise nampa materi kayata: 1) sapa wae paraga sajroning dongeng mau lan kepriye wewatekane? lan, 2) apa amanat saka dongeng sing kokrungokake mau?

Wektu sing dialokasekake kanggo SK ngrungokake dongeng iki 4x40 menit utawa rong *pertemuan*. Pasinaon dongeng iki nggunakake sumber saka buku teks siswa, kalawarti Jaya Baya, lan lembar kerja siswa (LKS).

## 2) Rencana Pelaksanaan Pembelajaran

Tuladha pangetraping dongeng sajroning pasinaon sastra, salah sijine bisa diandharake lumantar Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (sabanjure kacekak RPP). RPP mujudake sawijining rencana sing disusun dening guru lan diandharake kanthi cetha sadurunge miwiti pasinaon. Sajroning RPP kasebut, guru ngandharake pamulangan sing bakal ditindakake wiwit saka SK, KD, indikator, tujuan, materi, metode, kegiyatan jroning pasinaon, alat, media, sumber pasinaon, nganti penilaian kanthi rinci lan cetha. Ing kene, dongeng wiwit bisa diandharake dening guru marang siswa lumantar carane saben-saben guru.

RPP iki katujokake kanggo pelajaran basa Jawa kelas VIII semester 1 kanthi alokasi wektu 2x40 menit. SKne ngrungokake, yaiku *mengapresiasi prosa melalui kegiatan mendengarkan* lan KDne yaiku *menemukan unsur intrinsik prosa yang diperdengarkan*. Saka SK lan KD kasebut, guru bisa ngolah RPP sing bakal digunakake kayata ngrumusake indikator sing salaras karo tujuwan pembelajaran tuladhane kaya iki:

### Kognitif

1.1.1 Mampu menemukan tema dalam dongeng yang diperdengarkan

1.1.2 Mampu mengidentifikasi tokoh beserta karakternya dari dongeng yang diperdengarkan

1.1.3 Mampu menyebutkan amanat dalam dongeng yang diperdengarkan

Saka indikator kognitif kasebut, nemokake tema, paraga lan wewatekane, sarta amanat sajroning dongeng selaras karo struktur sajroning dongeng kang banjur dadi karakteristike dongeng minangka sastra kanggo bocah. Mula saka iku, struktur dongeng bisa digunakake minangka bahan pasinaon sastra kanggo bocah salaras kalawan indikator kognitife.

### Psikomotor

1.1.4 Mampu menceritakan kembali dongeng yang diperdengarkan

Saka indikator psikomotor kasebut, bisa nyritakake maneh dongeng sing dirungokake kanthi bener lan pener bisa digunakake kanggo ngukur kabisane nyimak tumrap siswa. Siswa sing bisa nyritakake maneh kanthi lancar, bener lan pener nuduhake yen murid kasebut trampil ing babagan basa salah sijine yaiku ngrungokake. Mula saka iku, dongeng bisa digunakake minangka bahan pasinaon sastra kanggo bocah salaras kalawan indikator psikomotore.

### Afektif

### - Perilaku berkarakter

- 1) perhatian
- 2) mandiri
- 3) tanggung jawab
- 4) terus mencoba

Salah siji tujuwan diriptane wacan bocah yaiku bisa kanggo nuwuahake lan mbentuk karaktere bocah. Salaras karo tujuwan kasebut, kanthi ngrungokake dongeng dikarepake bisa mangun karaktere siswa. Cundhuk kalawan indikator mau siswa dikarepake nduweni karakter kayata bisa nduweni pamawas, ngrungokake kanthi becik, manut marang prentahe guru, lan bisa nuduhake kabisane. Saka andharan iki bisa didudut yen dongeng utawa wacan bocah bisa digunakake minangka bahan pasinaon sastra kanggo bocah salaras kalawan indikator afektive, mligine ing perilaku berkarakter.

### - Ketrampilan sosial

- 1) mendengarkan orang lain
- 2) menghargai orang lain
- 3) menjawab pertanyaan

Salaras kalawan indikator iki, murid dikarepake nduweni ketrampilan sosial, yaiku sesambungan nalika kegiyatan pasinaon antarane murid karo murid, apadene murid karo guru. Ketrampilan sosial sing dikarepake yaiku kabisane ngregani kancane, ngajeni gurune, takon nalika ana bab sing durung dimangerten, sarta mangsuli nalika dheweke antuk pitakonan. Saka andharan iki bisa didudut yen dongeng utawa wacan bocah bisa digunakake minangka bahan pasinaon sastra kanggo bocah salaras kalawan indikator afektive, mligine ing ketrampilan sosial. Sabanjure tujuan pembelajaran sakabehe dirumusake linandhesan indikator sing wis disusun.

Saka indikator-indikator mau, guru banjur ngrumusake tujuan pembelajaran sing tuladhane kayata:

### Kognitif

1. setelah diperdengarkan dongeng oleh guru, siswa mampu untuk menyebutkan tema dongeng dengan benar.
2. setelah diperdengarkan dongeng dan mendapat uraian dari guru, siswa mampu mengidentifikasi tokoh beserta karakternya dengan benar.
3. setelah diperdengarkan dongeng dan mendapat uraian dari guru, siswa mampu menyebutkan amanat dongeng dengan baik.

Sajroning tujuan pembelajaran mau, siswa diajab bisa nyebutake tema, ngidhentifikasi paraga lan pamaragan, sarta amanate dongeng kanthi bener lan pener sawise diandharake dening guru ngenani dongeng lan siswa uga ngrungokake tuladhane dongeng. Sakabehe tujuwan pembelajaran mau gegayutan karo struktur dongeng sing uga kalebu sajroning karakteristik dongeng minangka sastra kanggo bocah. Saka andharan mau kasil nuduhake yen dongeng bisa digunakake minanangka bahan pasinaon sastra gegayutan karo tujuwan pembelajaran kognitif.

#### **Psikomotor**

- 1. setelah diperdengarkan dongeng dan mendapat uraian dari guru, siswa mampu menceritakan kembali dongeng dengan baik*

Saka tujuan pembelajaran mau, siswa diajab bisa nyritakake dongeng kanthi becik ngrungokake basane dhewe sawise ngrungokake tuladha dongeng lan dijelasake materi dongeng dening guru. Tujuan pembelajaran mau bisa kagayuh yen siswa bisa nindakake salah siji ketrampilan ngrungokake kanthi becik lan bener. Saka andharan mau kasil nuduhake yen dongeng bisa digunakake minanangka bahan pasinaon sastra gegayutan karo tujuwan pembelajaran psikomotor.

#### **Afektif**

- Perilaku berkarakter*

*Dengan terlibat secara aktif dalam proses pembelajaran yang berpusat pada siswa dikembangkan perilaku berkarakter antara lain terus mencoba, perhatian, mandiri, dan tanggung jawab.*

Tujuan pembelajaran sing gegayutan karo dongeng minangka bahan pasinaon sastra ing ranah afektif mligine *perilaku berkarakter* yaiku bisa mangun karaktere siswa selaras karo pribadine. Karaktere siswa sing dikarepake yaiku kayata ora gampang pasrah, nggatekake, mandiri, lan tanggung jawab . Karakter-karakter mau bisa kawangun nalika proses pasinaon punjere ana ing *aktifitas* siswa. Saka andharan mau kasil nuduhake yen dongeng bisa digunakake minanangka bahan pasinaon sastra gegayutan karo tujuwan pembelajaran *afektif perilaku berkarakter*.

- Ketrampilan sosial*

*Dalam proses pembelajaran yang berpusat pada kreativitas siswa, dikembangkan ketrampilan sosial antara lain mendengarkan orang lain, menghargai orang lain, dan menjawab pertanyaan.*

Tujuan pembelajaran sing gegayutan karo dongeng minangka bahan pasinaon sastra ing ranah afektif mligine *ketrampilan sosial* yaiku bisa mangun karaktere siswa selaras karo sesambungan kalawan pawongan ing sakupenge. Karaktere siswa sing dikarepake yaiku kayata bisa ngrungokake lan

nggatekake wong liya sarta bisa mangsuli pitakonan. Karakter-karakter mau bisa kawangun nalika proses pasinaon punjere ana ing *kreativitas* siswa. Saka andharan mau kasil nuduhake yen dongeng bisa digunakake minanangka bahan pasinaon sastra gegayutan karo tujuwan pembelajaran *afektif ketrampilan sosial*.

Sawise ngrumusake tujuan pembelajaran yaiku nyiapake materi utawa bahan pelajaran. Miturut Sudjana (1991:67) bahan pelajaran mujudake sawijining isi sing diwenehake marang siswa nalika proses belajar mengajar. Lumantar materi iki siswa diarahake menyang tujuan pembelajaran mau. Materi ing RPP iki selaras karo KD mangerteni inti prosa sing dirungokake yaiku dongeng, jinis-jinise dongeng, lan unsur intrinsike dongeng kayata tema, amanat, alur, paraga, lan latar sarta akeh panemu kanggo nuduhake yen siswa bisa mangerteni reriptan sastra kasebut.

Pasinaon dongeng iki nggunakake pendekatan kontekstual lan teknik penugasan, model pembelajaran nggunakake pembelajaran langsung, sarta nggunakake metode demonstrasi lan tanya jawab. Pendekatan kontekstual dipilih amarga cundhuk kalawan pasinaon dongeng sing bisa digayutake karo panguripan ing kanyatan. Miturut Trianto (2007:103) pendekatan kontekstual yaiku konsep pasinaon sing mbiyantu guru nggayutake materi sing diwulangake karo kahanan sing nyata tumrap siswa lan menehi panjurung marang siswa supaya siswa kasebut bisa mangerteni gegayutan antarane kawruhe lan kepriye carane ngetrapake sajroning panguripan ing saben dinane, tamtu wae kanthi nggatekake komponen utamane yaiku konstruktivisme, takon, inkuiri, masyarakat sinau, pemodelan, lan penilaian autentik. Kanthi nggunakake ancangan iki, siswa bisa aktif lan nduwensi rasa tanggung jawab tumrap sinaune.

Teknik mujudake sawijining cara sing digunakake kanggo nggayuh sawijining tujuwan. Pasinaon dongeng iki nggunakake teknik penugasan, gegayutan karo pangetrapé ancangan kontekstual miturut Depdiknas (sajroning Trianto 2007:106) sing trap-trapane ing pungkasan yaiku nindakake penilaian kanthi sawenehing cara. Kanthi nindakake lan nggarap tugas, siswa bisa diukur sepira kabisane kanggo maujudake biji kasebut.

Model pembelajaran langsung miturut Arends (sajroning Trianto, 2007:29) yaiku sawijining ancangan memulang sing karancang mligine kanggo nunjang proses pasinaon siswa sing gegayutan karo kawruh lan bisa diwulangake kanthi kegiatan mawa trap-trapan tartamu. Model iki dipilih amarga selaras karo kegiatan pasinaon dongeng yaiku digunakake nalika guru ngandharake materi (pelajaran) langsung marang siswa.

Alur kegiatan pasinaon kanthi model pembelajaran langsung iki miturut Trianto (2007: 31) ana limang fase, yaiku (1) guru ngandharake tujuwan lan nyiapake siswa, (2) guru ndemonstrasekake kawruh lan ketrampilane, (3) guru mbimbung siswane, (4) guru ngecek siswane anggone mangertení materi lan menehi umpan balik, lan (5) guru paring kalodhangán kanggo latihan sabanjure sarta penerapane.

Metode sing digunakake sajroning pasinaon dongeng iki yaiku demonstrasi lan tanya-jawab. Metode demonstrasi miturut Sudjana (1991:83) yaiku metode memulang sing nuduhake kepriye proses dumadine samubarang, dene metode tanya jawab yaiku metode memulang sing nindakake kegiatan komunikasi langsung antarane guru lan murid, bisa guru sing takon lan murid sing mangsuli apadene murid sing takon lan guru sing mangsuli. Metode demonstrasi dipilih amarga pasinaon dongeng mbutuhake andharan saka guru lan mbiyantu siswa sinau adhedhasar kahanan ing kanyatan, dene metode tanya jawab dipilih kanggo nggampangake guru mangertení sepira panampane siswa tumrap materi lan menehi kalodhangán tumrap siswa supaya bisa takon ngenani bab sing dirasa angel marang guru.

Kegiatan pembelajaran sajroning RPP iki diwiwiti kanthi kegiatan pambuka suwene 15 menit, kegiatan inti minangka punjering aktifitas pasinaon suwene 55 menit, lan dipungkasi kanthi kegiatan panutup suwene 10 menit. Ing kegiatan pambuka, guru miwiti kanthi ngucap salam lan ngabsen siswane. Sabanjure guru nindakake apersepsi kanthi ngrembug materi minggu sadurunge lumantar metode *tanya-jawab* lan demonstrasi. Wekasane guru ngandharake tujuan pembelajaran sing kaperang saka aspek kognitif, psikomotor, lan afektif. Kegiatan inti diwiwiti dening guru kanthi nerangake materi sing wis dicepakake kayata teges dongeng, jinis lan unsur-unsur intrinsik ing sajerone. Guru banjur ndongengi muride kanthi nggunakake media wayang, ing kono dikarepake siswa bisa ngrungokake lan nggatekake gurune kanthi pangajab siswa kawangun karaktere. Sawise ngrungokake dongeng, guru lan siswa nindakake *tanya-jawab* kanggo ngandharake isi dongeng mau. Guru uga nuding sawijining murid kanggo nyebutake unsur-unsur intrinsik sajroning dongeng mau. Sabanjure siswa ditugasi nggarap LKS kanggo evaluasi. Kegiatan pungkasan yaiku penutup, kawiwit saka guru lan siswa nindakake refleksi, guru takon marang siswa tumrap kangelane nampa pelajaran, sarta wekasane kegiatan pasinaon ditutup kanthi salam.

Sumber pasinaon sajroning RPP iki yaiku buku teks *Pinter Basa Jawa* anggitane Imam Riyadi sakanca lan panyusune LKS saka dongeng asesirah *Keduwung* anggitane Sugeng Lamandau sing kapacak ing kalawarti Jaya Baya No.25 Pebruari 2012. Pasinaon dongeng miturut Endraswara (2009: 58) kudu nggatekake pamilihing dongeng sing pas lan dibutuhake kabisan nggunakake media kayata gambar, boneka utawa wayang. Sajroning pasinaon iki, wayang banjur dipilih minangka alat kanggo meragakake paraga-paraga sajroning dongeng.

Penilaian mawa basis kelas tumrap materi sajroning RPP iki nggunakake alat-alat penilaian, ing antarane yaiku:

1) Tes tulis,

Sajroning tes iki, siswa dibiji kanthi nggunakake *Lembar Penilaian Kognitif* sing isine soal-soal kanggo mangertení sepira panguwasane siswa tumrap materi sing diwulangake. Tuladhane yaiku nemokake lan ngandharake unsur-unsur intrinsik sajroning dongeng, kayata tema, latar, paraga, alur, lan amanat. Saka soal mau yen siswa bisa bener lan pener kabeh anggone menehi wangulan bakal dibiji 100 minangka biji sing paling dhuwur. Tes sabanjure nggunakake *Lembar Penilaian Psikomotor* kanggo mbiji kabisane siswa mbaleni maneh apa sing wis dicritakake dening guru. Ing lembar penilaian iki, babagan sing dibiji yaiku sepira lancare anggone siswa bisa nyritakake isi dongeng, bener orane urutan carita sajroning dongeng, lan bener orane anggone siswa nyritakake paragane laras karo wewatekane. Saka kene yen siswa sampurna anggone nyritakake uga bakal antuk biji 100.

2) Tes Kinerja,

Sajroning tes iki, sing dibiji kegiatane ora amung siswa nanging uga guru. Ing *Lembar Pengamatan Guru*, kinerjane guru wiwit saka kegiatan pambuka nganti tekan kegiatan panutup dibiji. Bijine wiwit saka 1 sing nuduhake yen guru kasebut kurang banget anggone nguwasi kelas, nganti teka biji 5 sing nuduhake yen guru kasebut wis apik banget anggone mulang. Sabanjure yaiku *Lembar Pengamatan Aktivitas Siswa*, ing lembar iki aktivitas siswa dibiji kanggo mangertení anane indikator psikomotor lan tujuwane bisa digayuh kanthi becik utawa durung. Ing tabel kegiatan pembelajaran, menehi pambiji tumrap siswa bisa dilarasake karo prakteke nalika siswa antuk materi iki, ing kono uga dibiji miturut kahanan aktivitase siswa ing kanyatan. Saliyane iku isih ana *Format Pengamatan Ketrampilan Sosial*. Sajroning lembar iki, tumindake siswa sing gegayutan karo

ketrampilan sosial dibiji adhedhasar rincian tugas kinerja sing disusun. Pungkasane yaiku *Format Pengamatan Perilaku Berkarakter*. Ing lembar iki, tumindake siswa sajroning kegiatan belajar mengajar sing selaras karo karakter uga dibiji adhedhasar rincian tugas kinerja.

Saka andharan mau, didudut yen dongeng bisa digunakake sajroning pasinaon sastra kanggo bocah. Bisa lumantar SK ngrungokake apadene SK maca. Kabeh mau gumantung marang guru lan kepriye anggone ngolah sawijining materi.

## D. PANUTUP

### 1. Dudutan

Adhedasar pratelan asiling panliten dongeng sajroning rubrik CTP Jaya Baya taun 2012 lan andharan kritis bab panganggone dongeng tumrap pasinaon sastra kanggo bocah, bisa diandharake sawenehing dudutan kayata:

Kapisan, jinis-jinis dongeng cacah 15 kang makili kabeh dedongengan sajroning rubrik CTP Jaya Baya taun 2012. Bisa didudut yen jinising dongeng sajroning rubrik CTP ana papat, yaiku yaiku dongeng sato kewan, legendha, dongeng lelucon, lan dongeng biasa. Kapindho, karakteristik dongeng sajroning rubrik CTP Jaya Baya taun 2012 sing bisa didudut sawise mbeber struktur dongeng ana papat, yaiku: 1) Tema dongeng umume gegayutan karo masalah bebrayan. Tema sing paling onja utawa luwih akeh diandharake yaiku tumindak ala bakal dibales kanthi ala uga, dene kabecikan uga bakal antuk piwales sing becik. Amanat dongeng akeh-akehe yaiku memulang tumindak becik marang pamaca. 2) Sakabehe dongeng nduweni alur lurus utawa maju. 3) Paraga sajroning dongeng umume kewan lan manungsa. Paraga utama umume paraga protagonis, paraga antagonis, lan ana sing nduweni kapinteran tartamtu. 4) Latar carita sajroning dongeng diandharake kanthi prasaja. Gegambaran ngenani latar diwatesi dadi panggonan lan wektu. Latar wektu kayata esuk, awan, lan bengi, dene latar panggonan kayata sajroning kraton, ngarep omah, alas, lan dalam.

Katelu, dongeng ngemu nilai-nilai kang bisa dadi patuladhan tumrap pamaca. Nilai-nilai kautaman sajroning dongeng rubrik CTP Jaya Baya taun 2012 diwedharake lumantar pesen moral sing kagolongkake dadi 3, yaiku: 1) Piwulang kautaman sing gegayutan karo Pangeran, arupa: piwulang supaya nindakake ibadah, ajaran keimanan utawa percaya marang Pangeran, sumarah sawise nindakake usaha, lan tansah nduweni rasa syukur. 2) Piwulang kautaman sing gagayutan karo uriping bebrayan lan jagad gumelar,

rupa: tulung-tinulung marang liyan, nduweni tata krama, patrape pemimpin sing becik, tresna marang kewan, lan nglestarekake alam, lan 3) Piwulang kautaman sing gegayutan karo diri pribadi arupa: sabar, aja meri marang liyan, jujur, lan ngedohi rasa getun.

Kapapat utawa pungkasen, yaiku pangetrape dongeng sajroning rubrik CTP Jaya Baya taun 2012 minangka pasinaon sastra. Kalungguhane dongeng sing diwedharake sajroning kurikulum tingkat satuan pendidikan mulok Basa Jawa taun 2008 nuduhake yen dongeng bisa digunakake minangka bahan pasinaon sastra, mligine kanggo siswa SMP lumantar standar kompetensi maca, micara, ngrungokake, apadene nulis.

### 2. Pamrayoga

Panliten kanthi irah-irahan *Dongeng Sajroning Rubrik Crita Taman Putra Jaya Baya Taun 2012 Lan Pasinaone Sastra kanggo bocah* iki isih adoh saka sampurna. Kaajab ing tembe mburine, lan kanthi ngrembakane sastra kanggo bocah ing jagading kasusastran Jawa, panliten liya bisa nliti babagan iki luwi sampurna.

Saliyane iku, kanthi anane panliten iki, pamacane dongeng ing rubrik Crita Taman Putra kalawarti Jaya Baya, diajab bisa ngerteni babagan kang kinandhut ing sajerone lan bisa nuladhani piwulang-piwulang becik kanggo nglakoni proses uripe. Saliyane iku uga diajab tumrap pamaca, utamane guru bisa nggunakake dongeng ing rubrik Crita Taman Putra Jaya Baya minangka bahan pamulangan tumrap pasinaon sastra kanggo bocah.

## KAPUSTAKAN

Ampera, Taufik. 2010. Pengajaran Sastra: *Teknik Mengajar Sastra Anak Berbasis Aktivitas*. Bandung: Widya Padjadjaran.

Burhanuddin, Salam. 2000. *Etika Individual (Pola Dasar Filsafat Moral)*. Jakarta: Rineka Cipta.

Danandjaja, James. 1997. Folklor Indonesia: *Ilmu Gosip, Dongeng, dan lain-lain*. Jakarta: Pustaka Utama Grafiti.

Darma, Budi. 2007. *Bahasa, Sastra Dan Budi Darma*. Surabaya: JP Books

Departemen Pendidikan Nasional. 2010. *Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan (KTSP)*. Dinas Pendidikan Dan Kebudayaan Propinsi Jawa Timur. Surabaya. Tidak Diterbitkan.

Endraswara, Suwardi. 2005. *Metode dan Teori Pengajaran Sastra*. Yogyakarta: Buana Pustaka.

## Dongeng ing Rubrik *Crita Taman Putra Jaya* Baya 2012 lan Pasinaone Sastra

- Endraswara, Suwardi. 2009. *30 Metode Pembelajaran Bahasa & Sastra Jawa*. Yogyakarta: Lumbung Ilmu
- Juanda. 2012. Konferensi Internasional Kesusastraan XXII UNY-HISKI: *Sastra Anak Dan Kesadaran Feminis Dalam Sastra: Peran Sastra Anak Dalam Pembiasaan Membaca Sejak Anak Usia Dini Sebagai Pondasi Pembentukan Karakter Yang Beridentitas Nasional*. Yogyakarta: Fakultas Bahasa dan Seni UNY.
- Moleong, Lexy J. 2008. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: Remaja Rosada Karya.
- Najid, Moh. 2003. *Mengenal Apresiasi Prosa Fiksi*. University Press bekerja sama dengan Kreasi Media Promo.
- Niko. 2011. <http://elnicovengeance.wordpress.com/2011/09/13/program-tahunan-prota/> diakses 17 Mei 2013
- Nurgiyantoro, Burhan. 2007. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- Nurhadi, dkk. 2003. *Pengajaran Bahasa Dan Sastra Indonesia Kelas VIII Semester I*. Surabaya: Erlangga.
- Poerwadarminta, W.J.S. 1937. *Baoesastra Djawi*.
- 
- Pradotokusumo, Partini Sadjono. 2005. *Pengkajian Sastra*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama
- Purnama, S.Bambang. 2011. *Kesastraan Jawa Pesisir*. Surabaya: Bintang
- Ras, JJ. 1985. *Bunga Rampai Sastra Jawa Mutakhir*. Jakarta: Grafitipers.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2004. *Teori Metode dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Santosa, dkk. 2006. Jurnal Penelitian Humaniora: *Sastra Anak Sebagai Wahana Pengenalan Dan Pengasuhan Ideologi*. Universitas Sebelas Maret. Tidak Diterbitkan.
- Sarumpaet, Riris K. Toha. 2010. *Pedoman Penelitian Sastra Anak*. Jakarta: Yayasan Obor.
- Semi, Atar. 1998. *Anatomi Sastra*. Jakarta: Angkasa raya
- Sudjana, Nana. 1991. *Dasar-dasar Proses Belajar Mengajar*. Bandung: Sinar Baru.
- Sugihastuti. 2011. *Teori Apresiasi Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar Offset.
- Sugiyono, dkk. 2008. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Pusat Bahasa.
- Sukardi, Dowa Ketut. 1986. *Psikologi Populer: Bimbingan Perkembangan Jiwa Anak*. Jakarta: Ghalia Indonesia.
- Sukendro, dkk. 2008. *Widya Basa Jawa Kelas IX*. Jakarta: Erlangga.
- Suwarni. 2009. Pengantar Studi: *Sastra Jawa Kuna*. Surabaya: Bintang
- Teeuw, A. 1988. *Sastra dan Ilmu Sastra : Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: Pustaka Jaya.
- Trianto. 2007. *Model-model Pembelajaran Inovatif Berorientasi Konstruktivistik*. Jakarta: Prestasi Pustaka.
- Wildan, dkk. 2001. *Dongeng Anak-anak Dalam Bahasa Aceh: Analisis Struktur*. Jakarta: Pusat Bahasa Departemen Pendidikan Nasional.
- Wellek, Rene dan Austin Warren. 1990. *Teori Kesusastraan*. Jakarta: PT Gramedia.
- Zaidan, Abdul Rozak dkk. 1994. *Kamus Istilah Sastra*. Jakarta: Balai Pustaka.
- 2012.<http://ki-stainsamarinda.blogspot.com/2012/08/penyusunan-program-tahunan-program.html?m=1> diakses 17 Mei 2013.
- Wulandari. 2012. <http://snwulandari.blogspot.com/2012/05/pengetian-silabus-dan-rpp.html?m=1> diakses 17 Mei 2013